



Kouvèti Asirans Sante pou Timoun & Fanmi nan Florida

**ESKE FEK PEDI
KOUVETI ASIRANS OU?**

**ESKE GEN CHANJMAN
NAN LAJAN KAP
ANTRE LAKAY OU?**

NOU KA EDE!

**PATNE NOU YO AP
EDE FANMI YO
ANWOLE KOUNYE A!**

**KI ENFOMASYON MWEN
BEZWEN POU M
ANWOLE?**

Enfòmasyon chak aplikan ak manb fanmi yo dwe genyen :

- ❖ Non ak Prenon
- ❖ Dat Nesans
- ❖ Nimewo Sosyal Sekirite
- ❖ Kote tout manb fanmi an ap travay ak lajan yap touche
- ❖ Nimewo kat asirans sante non ak tip asirans nou nan moman an.
- ❖ Enfòmasyon ki gen rapò ak asirans sante bòs nou ofri
- ❖ Sètifika Sitwayen pou moun ki natitalize Ameriken, osinon kat Rezidans Pèmanan, Kat Travay, oubyen I-94 pou moun ki pa sitwayen.

Kijanm ka Anwole?

Florida KidCare: www.healthykids.org/apply

Medicaid: www.myflorida.com/accessflorida/

Health Insurance Marketplace: www.healthcare.gov

Mwen pèdi kouvèti asirans mwen mwa pase, eskem ka anwole kounye a ?

Anpil fwa, ou gen 60 jou pou anwole a pati de dat kouvèti asirans ou fini. Medicaid ak Florida KidCare gen anwolman tout ane-a.

Madanm mwen osinon Mari mwen pèdi job, kounye-a plan asiran sante mwen trò chè, eske m ka change'l?

Siw gen chanjman nan kantite lajan kap antre lakay ou, ou ka gen posiblite chanje plan w. Wap bezwen fè sa nan 60 jou kote lajan kap antre nan kay la, chanje a.

Ki jan poum fè poum jwenn moun ede m?

Nou gen anpil patnè ki ka ede w. Patnè nou yo ka ede w an Anglè, an Panyòl e an Kreyòl.

Health Council of South Florida- (786)-708-0836

Citrus Health Network- (305) 424-3125

Epilepsy Florida- 1-877-553-7453

SantLa Haitian Neighborhood Center- (305) 573-4871,

wap jwenn asistans an Kreyòl.

